



Vil Miami

Depatman Lojman & Devlopman Kominotè

DEMANN POU PWOGRAM PRÈ DIJANS POU BIZNIS PITI II

Pwogram sa a bay pwopriyete biznis ki pou pwofi ki elijib yo ki andedan Vil Miami a ("Vil") yon sèl prè padonab nan yon montan ki pa dwe depase \$35,000 oswa 20% nan revni brit anyèl biznis lan an 2019, sa ki pi piti a. Fòk prè a sèvi pou kouvri depans ki te pèmèt biznis yo rete vyab ak operasyonèl. Bi pwogram sa a se pou ede biznis piti ki te sibi yon pèt oswa rediksyon nan revni an konsekans pandemi COVID-19 la. Nou pral ede kandida yo sou yon baz premye vini, premye pare, premye sèvi. Soumisyon yon demann pa ba w garanti ke ou pral resevwa asistans. Biznis ki te deja resevwa asistans finansye nan yon lòt pwogram asistans biznis pou Vil Miami tankou mikwo antrepriz oswa pwogram pou biznis piti pa kalifye pou pwogram sa a.

Nimewo ID Taks Biznis la: EIN: _____ **OSWA**, si Antrepriz Endividiyèl, mete SSN ou: _____
 Non Legal Biznis la: _____ Nimewo DUNS¹: _____
 Non Fiktif, Non Komèsyal, d/b/a (si genyen): _____
 Adrès Biznis la: _____ Distri Komisyon: _____
 Vil: Miami Eta: Florida Kòd Postal: _____ Telefòn Prensipal Biznis la: _____
 Nimewo Kont Fich Taks Biznis (BTR)/Sètifika Itilizasyon (Vil Miami a): _____ Dat Emisyon BTR: _____
 Non Kontak nan Biznis la: _____ Telefòn Kontak nan Biznis la: _____

Adrès Imèl Kontak nan Biznis la (Tanpri ekri an lèt blòk): _____

Èske biznis ou depanse plis pase \$750,000 nan fon federal pandan egzèsis li? WI NON

Ki byen oswa sèvis biznis ou founi rezidan Vil la? _____

KRITÈ ELIJIBILITE

- Biznis la se yon biznis pou pwofi epi fòk li gen plis pase 5 anplwaye, men pa plis pase 20 anplwaye. __ VRE __ FO
- Biznis la te enskri ak Eta Florid la avan 1e septanm 2019. __ VRE __ FO
- Biznis gen yon Sètifika Itilizasyon/Akseswa Itilizasyon ki te emèt pa Vil Miami a epi aktyèl ak peman Fich Taks Biznis (BTR) li yo. __ VRE __ FO
- Biznis la te soufri yon pèt revni an konsekans COVID-19 ki te kòmanse 1e mas 2020. __ VRE __ FO
- Biznis la ouvri epi sitye andedan fwontyè Bil Miami a. __ VRE __ FO
- Biznis la okouran ak tout obligasyon finansye li yo ak Vil Miami a. __ VRE __ FO
- Pa genyen okèn nan pwopriyete biznis la ki sispann oswa entèdi fè kontra ak gouvènman federal, eat oswa lokal. __ VRE __ FO
- Biznis la pa te fè revni anyèl plis pase \$2,000,000 nan lane kalandriye 2019. __ VRE __ FO
- Biznis la pa te resevwa asistans nan men okèn lòt pwogram asistans biznis pou Vil Miami a an 2020. __ VRE __ FO

DOKIMANTASYON OBLIGATWA – FÒK ou depoze kopi bagay sa yo²

- Kopi ID Florid ak foto sou li pou moun k ap fè demann asistans ki oblije yon pwopriyete biznis, yon ajan ki enskri
- Deklarasyon Taks pou Biznis la pou 2019 (pou kalkile kantite asistans maksimòm)
 1. Antrepriz Endividiyèl – Fòmilè 1040, Deklarasyon Taks Revni Etazini pou Endividi, avèk Schedule C "Pwofi oswa Pèt nan Biznis"
 2. Patenarya – Fòmilè 1065, Ranbousman Revni Patenarya Etazini, Schedule K-1 "Pati Revni Patnè, Dediksyon, Kredi, elatriye"
 3. Kòporasyon – Fòmilè 1120, Deklarasyon Taks Revni Etazini pou Kòporasyon
 4. Kòporasyon-S – Fòmilè 1120S, Deklarasyon Taks Revni Etazini pou Kòporasyon-S
- Kopi fòmilè RT-6 Florid "Depatman Revni Florid Revni Trimèstriyèl Anplwayè"
- Kopi Sètifika Itilizasyon/Akseswa Itilizasyon ki emèt pa Vil Miami ak Kat Fich Taks Biznis.
- Prè pèt oswa rediksyon revni an konsekans COVID-19. Deklarasyon P&L Trimèstriyèl pou tout 4 trimès 2020.
- Prè biznis ou genyen yon Nimewo DUNS¹
- Fòmilè W-9 ki ranpli ak siyen ki koresponn ak non biznis la a sa ki sou demann sa a.
- Fòmilè Sètifikasyon Retansyon Travay ak Fich ak deklarasyon bank kòm prè depans pou biznis la.
- Prè peman – Fich ak deklarasyon bank ki montre montan ki te peye pou tout depans ki pa te kouvri pa okèn lòt pwogram sekou COVID-19 nan nivo federal, eta, oswa lokal ki monte nan montan asistans maksimòm ki se \$35,000 oswa 20% revni brit anyèl pou 2019, sa ki pi piti a.

SÈTIFIKASYON SOU KONT BIZNIS KANDIDA A

- Mwen sètifye enfòmasyon mwen te bay pou detèmine elijibilite mwen pou asistans sou demann sa a vre ak kòrèk dapre tout konesans mwen. mwen, kandida a, konprann an plis de sa ke tout fo enfòmasyon mwen bay an koneksyon ak demann sa a kapab lakòz mwen oblije remèt fon yo te ban mwen.
- Mwen konprann ke asistans sa a kontenjan sou disponibilite fon epi asistans la limite a peman depans biznis la ki gen rapò ak pèt oswa rediksyon revni poutèt COVID-19, ki pa te ranbouse pa okèn lòt pwogram soulajman COVID-19 pa swa sous federal, eta, oswa lokal.

Kandida a Siyen Isi

Enprime Non w

Dat

¹ Òganizasyon ou dwe jwenn yon nimewo DUNS, si ou pa genyen kounye a, epi soumèt prè li. Si biznis ou a pa gen kounye a yon nimewo DUNS, vizite fedgov.dnb.com pou enskri pou resevwa yon nimewo DUNS. Ou ka soumèt prè òganizasyon ou aplike pou yon nimewo DUNS yo nan lòd yo akselere pwosesis aplikasyon an olye pou yo oblije rete tann yo resevwa nimewo DUNS ou.

² Sa a se pa yon lis konplè. Plis dokiman kapab obligatwa jan sa spesifye anba "Règ ak Egzijans" nan pakè demann Pwogram sa a.



Vil Miami

Depatman Lojman & Devlopman Kominotè

AFIDAVI POU PWOGRAM PRÈ DIJANS POU BIZNIS PITI II

Non Legal Biznis la: _____

Non Kontak Biznis la: _____ Telefòn Kontak Biznis la: _____

Adrès Imèl Kontak Biznis la: _____

SOU KONT BIZNIS KANDIDA A:

- Mwen sètifye ke enfòmasyon mwen bay nan demann sa a ak enfòmasyon mwen bay nan tout dokiman ak fòm sipò vre ak presi. mwen konprann ke fè yon fo deklarasyon ak plen konsyans nan demann sa a kapab fè mwen sibi pou swit kriminèl ak penal an akò ak lwa ki aplikab, tankou, men pa limite a, Chapit 817, Estati Florida, ak Chapit 47, Kòd Etazini, ki ka enkli jiska senk lane prizon ak/oswa yon amann jiska \$250,000.
- Mwen afime resepsyon ak peman fon prè a sibi sèl diskresyon absoli Vil Miami a san rekou. Pa depoze demann sa a, mwen renonse kèlkeswa ak tout reklamasyon ki gen rapò ak Pwogram Prè Dijans pou Biznis Piti II pou Vil Miami a epi mwen dakò spesifikman pou mwen dedonmaje, defann, lage epi kenbe Vil la, anplwaye li yo, ofisyè li yo, ajan li yo, ak reprezantan li yo inofansif de kèlkeswa ak tout reklamasyon ki kapab de nenpòt fason ki rapò ak kèlkeswa prim, peman ak/oswa refi pou Pwogram Prè Dijans pou Biznis Piti II pou Vil Miami a.
- Mwen afime ke poutèt ijans sante piblik ak respè a COVID-19, prè sa a nesèsè pou sipòte fonksyon kontinyèl pou biznis kandida a.
- Diplikasyon Sèvis: Mwen afime ke depans mwen depoze pou ranbousman ansanm ak demann mwen pou Pwogram Prè Dijans pou Biznis Piti II pou Vil Miami a pa te peye ak prè, sibvansyon, oswa prè mwen te resevwa nan men okèn lòt pwogram sekou COVID-19 nan nivo federal, eta, oswa lokal.
- Mwen afime ke dokiman taks yo idantifye ak sa mwen te depoze bay Sèvis Revni Entènèl la ak/oswa Depatman Revni Florid la.
- Si yo akòde mwen prè Pwogram Prè Dijans pou Biznis Piti II pou Vil Miami sa a, mwen ateste mwen p ap fè demann pou okèn lòt asistans finansman finansye pou biznis piti pou CARES Act la nan men okèn lòt minisipalite nan Konte Miami-Dade k ap sèvi ak finansman ki dedye selon CARES Act la.
- Mwen ateste ke mwen se endividi biznis kandida ki otorize legalman epi mwen otorize pa tout lòt pwopriyetè/manm komite/endividi oswa antite ki genyen yon enterè pwopriyetè nan biznis kandida a/ofisyè biznis sa a ki otorize pou aplike pou pwogram sibvansyon sa a sou kont biznis la. An plis de sa mwen afime ke mwen otorize pou mwen kole biznis la a kèlkeswa kondisyon konfòmman a demann pou sibvansyon sa a epi ke tout lòt pwopriyetè/manm komite/endividi oswa antite ki genyen yon enterè pwopriyetè nan biznis kandida a/ofisyè biznis sa a ki otorize dakò ak kontni ak reprezantasyon ki fèt nan demann sa a.

REKONESANS SOU KONT BIZNIS KANDIDA A:

- Mwen rekonèt ke, si yo apwouve demann pou prè sa a, biznis kandida a dwe kenbe travayè pandan yon peryòd ki pa pi piti pase 6 mwa.
- Mwen rekonèt ke, si yo apwouve demann pou prè sa a, Vil Miami a pral kalkile montan prim nan sèvi ak deklarasyon taks ak lòt dokiman mwen depoze yo.
- Mwen rekonèt ke, si yo apwouve prè sa a, kèlkeswa montan biznis mwen resevwa Sèvis Revni Entènèl la kapab konsidere li revni mwen dwe peye taks sou li.
- Mwen rekonèt ke, si yo apwouve demann pou prè sa a, Vil Miami pral gen aksè a tout dosye biznis mwen, tankou dosye biznis pou anrejistre depans depi moman yo bay prè a jis pou 31 desanm 2020, pou bi enspeksyon oswa odit pandan lè biznis nòmal nan kote biznis mwen an.
- Mwen rekonèt mwen te resevwa, li, konprann ak dakò pou mwen konfòme konplètman ak epi swiv Règ ak Egzijans Pwogram Prè Dijans pou Biznis Piti II pou Vil a, ki atache a demann sa a epi ki enkòpore andedan demann sa a ak referans sa a.
- Mwen rekonèt ke, si yo apwouve demann pou prè sa a, non mwen, non biznis mwen, ak montan prim sibvansyon mwen pral fèt piblik pa Vil Miami a.
- Mwen rekonèt ke kèlkeswa ak tout dokiman mwen depoze kòm yon pati nan demann sa a ap pou Vil Miami a epi mwen pa gen okèn atant pou yo remèt mwen okèn nan dokiman yo.
- Mwen rekonèt ke demann sa a se yon dosye piblik ki sibi Chapit 119, Estati Florid yo, epi biznis kandida a dwe konfòme ak tout lwa nan nivo federal, eta, ak lokal an koneksyon avèk li isi a.

Kandida a Siyen Isi

Enprime Non w

Dat

AFIMASYON NOTÈ PIBLIK (OBLIGATWA):

ETA FLORID)

KONTE MIAMI-DADE)

Enstriman devan mwen te rekonèt devan mwen pa mwayen prezans fizik oswa notarye an liy, _____jou sa a nan mwa _____, 2020 pa sou kont____. mwen rekonèt li pèsònèlman oswa li te pwodwi _____kòm pyès idantifikasyon.

(SO NOTÈ PIBLIK)

Moun K ap Pran Rekonesans Siyen Isi

(Non Notè Piblik Enprime, Tape, oswa sou So)

Tit oswa Ran

Nimewo Seri, si genyen



Vil Miami
Depatman Lojman & Devlopman Kominotè
LIS KONTWÒL POU SOUMISYON

FÒK OU DEPOZE dokimantasyon sa yo ansanm ak demann sa a pou asire nou trete demann w. Neglije depoze yon pakè konplè pral diskalifye w. Tout atik nan tablo anba a **OBLIGATWA**. Prèw atik peman yo depann de kalite depans w ap cache ranbousman pou yo.

<input type="checkbox"/>	Demann pou Pwogram Prè Dijans pou Biznis Piti II ki fin ranpli ak siyen sa enkli Afidavi a ak fòmilè Rekonesans lan AK Règ ak Egzijans Pwogram Prè Dijans pou Biznis Piti II pou Vil Miami (FÒK yo toulede notarye).
<input type="checkbox"/>	ID Eta Florid te bay ki gen foto sou li pou moun k ap aplike sou kont Biznis la.
<input type="checkbox"/>	Deklarasyon Taks pou Biznis la² – Fòk ou depoze yon kopi deklarasyon taks federal sou revni pou 2019, ak tout schedule yo. 1. Antrepriz Endividyèl – Fòmilè 1040, Deklarasyon Taks Revni Etazini pou Endividi, avèk Schedule C “Pwofi oswa Pèt nan Biznis” 2. Patenarya – Fòmilè 1065, Ranbousman Revni Patenarya Etazini, Schedule K-1 “Pati Revni Patnè, Dediksyon, Kredi, elatriye” 3. Kòporasyon – Fòmilè 1120, Deklarasyon Taks Revni Etazini pou Kòporasyon. 4. Kòporasyon-S – Fòmilè 1120S, Deklarasyon Taks Revni Etazini pou Kòporasyon-S. Si biznis la poko depoze deklarasyon taks li pou 2019 epi li te depoze yon demann pou yon ekstansyon nan men IRS, nou pral bezwen yon kopi soumisyon ekstansyon an ak Deklarasyon Taks pou ane avan an (2018). Si biznis la se yon biznis ki “baze lakay” epi w ap cache ranbousman pou atik tankou lwaye/ipotèk, sèvis piblik, ak lòt bagay ki gen rapò ak operasyon biznis lakay la, ou pral oblije depoze Fòmilè IRS 8829, “Depans pou Itilizasyon Lakay w pou Biznis”, ke ou te oblije depoze ak soumèt bay IRS la ansanm ak deklarasyon taks ou.
<input type="checkbox"/>	Kopi fòmilè RT-6 Florid “Rapò Trimèstryèl Anplwayè pou Depatman Revni Florid” ki te depoze pou dènye trimès la.
<input type="checkbox"/>	Kopi Sètifika Itilizasyon/Akseswa Itilizasyon ki te emèt pa Vil Miami a ak Kat Fich Taks Biznis Lokal. Fòk yo ajou.
<input type="checkbox"/>	Prèw pèt oswa rediksyon revni apre 1e mas, 2020 Depoze yon deklarasyon Pwofi ak Pèt (P&L) pou chak trimès pou janviye-mas 2020, pou avril-jen 2020; pou jiyè-septanm 2020 AK pou oktòb-desanm 2020.
<input type="checkbox"/>	Fòmilè Kreyasyon Travay/ Sètifikasyon Retansyon.
<input type="checkbox"/>	Fòmilè W-9 ki ranpli ak siyen. Si w vle nou depoze fon yo dirèkteman nan kont bank ou, tanpri ranpli Fòmilè ACH la epi depoze yon kopi yon chèk ANILE. Ou ka jwenn fòmilè sa yo sou https://www.irs.gov/pub/irs-pdf/fw9.pdf epi w ka ranpli fòmilè ACH la an liy sou https://www.miamigov.com/files/assets/public/document-resources/pdf-docs/finance/ach-set-up-for-accounts-payable-revised.pdf
<input type="checkbox"/>	Prèw de Nimewo DUNS – Paj enprime de nimewo DUNS nan fedgov.dnb.com oswa imèl ou te resewva nan men yo ki montre nimewo DUNS biznis la. Si w te aplike pou yon nimewo DUNS epi w poko resewva li, ou ka depoze prèw ke w te aplike pou li.
<input type="checkbox"/>	Prèw Peman Depans ki Elijib pou Ranbousman – Fòk yo te fèt apre 1e mas 2020 epi fòk yo PA te peye pa lòt pwogram soulajman COVID-19 nan men si yon sous federal, eta oswa lokal. Fòk tout depans yo gen rapò ak fonksyon biznis la. Nou p ap ranbouse peman lajan kach oswa peman pa mwayen altènatif ke nou pa ka swiv yo nan yon kont biznis. Prèw biznis oswa enstriman parèy sa pa elijib. Nou p ap aksepte okèn bòdwo, deklarasyon bank, ak/oswa deklarasyon kat kredi ki depoze anba non yon endividi epi ki pa genyen non biznis lan ladan li.
<input type="checkbox"/>	PEMAN LWAYE – Fòk ou depoze yon kopi kontra ki egzekte a AK yon kopi chèk ki rekonsilye a yon kont bank pou biznis oswa deklarasyon masyèl oswa deklarasyon kat kredi pou biznis epi souliyen peman an pou bon montan an.
<input type="checkbox"/>	BÒDWO SÈVIS PIBLIK/ASIRANS/LISANS – Fòk ou depoze yon bòdwo sèvis piblik AK yon kopi chèk ki rekonsilye a yon kont bank pou biznis oswa deklarasyon masyèl oswa deklarasyon kat kredi pou biznis epi souliyen peman an pou bon montan an. Pri sèvis piblik yo ka ranbouse pou yo se kouran, dlo ak rego, entènèt, telefòn, ak televizyon kab; sepandan, bòdwo telefòn selilè pa ladan l.
<input type="checkbox"/>	SALÈ ANPLWAYE – Fòk ou depoze yon kopi deklarasyon pewòl AK yon kopi chèk ki rekonsilye a yon kont bank pou biznis oswa deklarasyon masyèl oswa deklarasyon kat kredi ki souliyen peman pou bon montan ou te peye konpayi pewòl la OSWA souchèk ki te chanje ki rekonsilye.

KI KOTE POU M DEPIZE PAKÈ DEMANN MWEN FIN RANPLI A:

Fòk ou depoze tout pakè demann ki fin ranpli yo nan adrès ki anba a. Nou pral jete pakè demann ki enkonplè. Vil la p ap remèt kandida a okèn dokiman ou depoze atravè pwosesis demann sa a kit nou apwouve asistans la ou pa.

Kote pou Depoze l la:

CITY OF MIAMI

SMALL BUSINESS EMERGENCY LOAN PROGRAM II

14 NE 1st Avenue, 1st Floor Lobby DROP BOX

MIAMI, FL 33132

Lè w ka Depoze li: 9 am pou 4 pm, lendi pou vandredi (sòf pou jou konje)

Vil la pral trete demann yo sou yon baz premye vini, premye pare, premye sèvi. Staf pwogram nan pral kontakte w si plis dokimantasyon nesèsè. Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram sa a, tanpri rele 305-416-2065 oswa voye yon imèl nan cdbusinessprogram@miamigov.com.



Vil Miami
Depatman Lojman & Devlopman Kominotè

DIVILGASYON AK REKONESANS DOSYE PIBLIK

Enfòmasyon kandida a (yo) bay sibi Chapit 119, Eitati Florid yo, konsènan Dosye Piblik. Nenpòt ki moun kapab mande enfòmasyon kandida biznis la bay ki *pa* pwoteje pa Eitati Florid yo pou li revize ak/oswa itilize. Sa a san regad a si w kalifye pou finansman ou pa anba pwogram w ap aplike pou li a (yo). Kòm nou te konseye w sou fèt sa a avan w finalize demann pou asistans la oswa founi nenpòt enfòmasyon, siyati w anba a endike ke:

- Sou kont kandida biznis la, mwen/nou dakò pou mwen kenbe Vil Miami a, ofisye li yo, anplwaye li yo, ajan li yo, siksesè li yo inofansif, dedonmaje yo, lage yo, ak defann yo de kèlkeswa ak tout responsabilite ak pri ki ka sòti nan konfòmite ak pwovizyon Chapit 119, Eitati Florid yo.
- Sou kont kandida biznis la, mwen/nou dakò ke Vil Miami a *pa* gen okèn devwa ni obligasyon pou li afime okèn defans, eksepsyon, ni egzansyon pou anpeche kèlkeswa oswa tout enfòmasyon mwen bay Vil Miami a an koneksyon ak demann sa a, oswa ki akeri pa yo an koneksyon ak demann sa a, divilge konfòme ak yon demann de dosye piblik.
- Sou kont kandida biznis la, mwen/nou dakò ke Vil Miami a *pa* gen okèn obligasyon ni devwa pou yo ban mwen/nou yon avi ke yon demann pou dosye piblik te fèt.
- Sou kont kandida biznis la, mwen/nou dakò pou mwen kenbe Vil Miami a, ofisye li yo, anplwaye li yo, ajan li yo, siksesè li yo inofansif epi asiyen de kèlkeswa ak tout responsabilite ki ka sòti poutèt mwen/nou aplike pou Pwogram Prè Dijans pou Biznis Piti II a.

**AVI SOU KOLEKSYON NIMEWO SEKIRITE SOSYAL
POU BI GOUVÈNMAN AN**

Vil Miami a gen dwa kolekte nimewo sekirite sosyal ou pou yon nonb de bi diferan. Lwa Florid sou Dosye Piblik la (spesifikman, Seksyon 119.071(5), Eitati Florid yo) egzije Vil la *pa* w deklarasyon alekri sa a ki eksplike bi ak otorite a pou yo kolekte nimewo sekirite sosyal ou kòm yon pati nan demann sa a. Y ap kolekte Nimewo Sekirite Sosyal ou pou bi kalifikasyon pou Pwogram Sibvansyon Asistans pou Biznis la si w ap aplike kòm yon antrepriz endividyèl.

Non Kandida a

Kandida a Siyen Isi

Dat



Vil Miami
Depatman Lojman & Devlopman Kominotè

Avan w siyen fòmilè sa a, tanpri fè si w li Règ ak Egzijans Pwogram Prè Dijans pou Biznis Piti II a. Ou ka twouve bagay sa yo sou www.miamigov.com/SBELP2

Rekonesans ak Akseptans
Règ ak Egzijans
Pwogram nan

Kandida a Siyen Isi

Enprime Non w

Dat

AFIMASYON NOTÈ PIBLIK (OBLIGATWA):

ETA FLORID)

KONTE MIAMI-DADE)

Enstriman devan mwen te rekonèt devan mwen pa mwayen prezans fizik oswa notarye an liy, _____jou sa a nan mwa _____, 2020 pa _____ sou kont _____. Mwen rekonèt li pèsònèlman oswa li te pwodwi _____kòm pyès idantifikasyon.

(SO NOTÈ PIBLIK)

Moun K ap Pran Rekonesans Siyen Isi

(Non Notè Piblik Enprime, Tape, oswa sou So)

Tit oswa Ran

Nimewo Seri, si genyen



Vil Miami
 Depatman Lojman & Devlopman Kominotè
FÒMILÈ VERIFIKASYON LWAYE

ENPÒTAN: FÒK MÈT PWOPRIYETE A ranpli fòmilè sa a epi fòk ou depoze li kòm pati nan pakè demann nan SI w ap mande èd pou lwaye an aryè.

Non Mèt
 Pwopriyete a: _____

Adrès Imèl: _____

Telefòn Mèt _____ No Folyo _____
 Pwopriyete a: _____ Pwopriyete a: _____

Non Biznis sou Kontra a: _____

Adrès Pwopriyete ki Lwe a: _____

Vil: MIAMI Eta: FL Kòd Postal: _____

Kondisyon _____ Dat Kontra a _____
 Kontra: _____ Kòmanse: _____ Dat Kontra a Fini: _____

Montan Lwaye Mansyèl ak tout Fre ak Taks: _____ Èske w Okouran ak Lwaye a? WI NON

Si se "NON", mete chak mwa lwaye Lokatè a pa te peye a nan espas ki anba a:

	Mwa	Ane	Konbyen Li Dwe		Mwa	Ane	Konbyen Li Dwe
1.				8.			
2.				9.			
3.				10.			
4.				11.			
5.				12.			
6.				13.			
7.				14.			

Total li Dwe Mèt Pwopriyete a: _____

Mwen, kòm kandida biznis la, pa prezant lan konsanti pou yo distribye enfòmasyon yo mande pi wo a bay Vil Miami a.

 Kandida a Siyen Isi

 Enprime Non an

 Dat

Diplikasyon Benefis - Verifikasyon: Kòm Mèt Pwopriyete a, pa prezant lan mwen afime enfòmasyon nan fòmilè sa a vre ak konplè epi mwen pa te resevwa peman lwaye pou mwa ki spesifye nan tablo pi wo a. Epi tou, mwen pa konsyan de lokatè mwen k ap mande asistans pou lwaye pou menm mwa li dwe mwen yo nan men okèn lòt pwogram asistans pou biznis.

 Mèt Pwopriyete a Siyen Isi

 Enprime Non ak Tit

 Dat



Vil Miami

Pwogram Prè Dijans pou Biznis Piti II

Règ ak Egzijans yo

Sa a se yon prè ki padonab si kandida a kapab kenbe yon djòb pou yon moun a revni fèb a modere pandan yon peryòd ki pa mwens pase 6 mwa.

Pa prezant lan Vil Miami a ("Vil") etabli Pwogram Prè Dijans pou Biznis Piti II ("Program") li a avèk bi sipòte mikwo biznis ki pou pwofi ki elijib yo ki satisfè kritè obligatwa anba yo poutèt pèt revni an konsekans pandemi COVID-19 la (apre sa nou refere a yo kòm yon "Biznis ki Elijib"). Pwogram sila a ap administre pa Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè a ("HCD") Vil la epi n ap kapitalize li sèvi ak fon Coronavirus, Aid, Relief, And Economic Security ("CARES") Act Community Development Block Grant Coronavirus ("CDBG-CV") ki aloke pa gouvènman federal la.

Bi Pwogram sa a se pou bay pwopriyetè mikwo biznis ki elijib yo yon sibvansyon ki p ap depase \$35,000 oswa 20% nan revni brit yo, sa ki pi piti a, pou ranbouse sèten depans ki pèmèt Biznis ki Elijib sa yo rete vyab ak operasyonèl. Fòk revni brit anyèl pou chak ki elijib pa depase \$2,000,000 jan sa detèmine ak deklarasyon taks yo te depoze bay IRS la pou lan 2019. An echanj, fòk biznis la kenbe travay ki ekivalan a tan plen pou youn nan anplwaye a revni fèb a modere li yo oswa plis (pwopriyetè oswa patnè biznis la pa ladan li pandan omwens 6 mwa depi moman biznis lan antre nan yon akò avèk Vil Miami a.

Nou pral bay fon yo sou yon baz premye vini, premye pare, premye sèvi jiskaske fon yo fin depanse oswa jiskaske fen disponibilite fon yo, sa ki fèt avan an.

Kritè pou Elijibilite

Pou nou detèmine li kòm yon "Biznis ki Elijib", fòk chak kandida yon biznis ki pou pwofi. Biznis ki pa pou pwofi yo pa kalifye pou asistans CDBG-CV jan sa preskri nan regilasyon U.S. Department of Housing and Urban Development ("HUD").

Pou li kalifye, fòk biznis piti a:

- Yon biznis pou pwofi ki sitye andedan fwontyè Vil Miami a ki gen plis pase 5 anplwaye, men pa plis pase 20 anplwaye. Fòk biznis yo founi yon kopi dènve soumasyon fòmilè RT-6 "Rapò Anplwayè Trimèstryèl pou Depatman Revni Florid".
- Yon biznis ki enskri avèk Eta Florid *avan 1e Septanm 2019* (ki t ap opere pandan omwens sis (6) mwa) epi kenbe yon estati 'Aktif' nan Divizyon Kòporasyon Depatman Eta Florid la. Fòk li louvri pou biznis aktyèlman.
- Fòk biznis yo kapab kenbe, pandan yon peryòd ki pa pi kout pase 6 mwa, omwens youn (1) djòb pou yon moun a fèb a modere revni jan sa defini nan 24 CFR 209(b)(1)(i).
- Fòk li te soufri yon pèt nan revni biznis an konsekans COVID-19 lan. Fòk ou depoze deklarasyon Pwofi ak Pèt ("P&L") pou chak Trimès pou tout 4 trimès 2020.
- Fòk li posede epi okouran avèk Sètifika Itilizasyon/ Akseswa Itilizasyon ak Resi Taks Biznis pou Vil Miami a.
- Fòk li pa yon biznis ki te deja resevwa asistans finansye (sibvansyon, prè, elatriye) nan okèn lòt pwogram asistans pou biznis pou Vil Miami a ki t ap repòn a COVID-19. Pami jan de pwogram sa yo se, men sa pa limite a, Pwogram Prè Dijans pou Biznis Piti (*Small Business Emergency Loan Program*) ("SBELP"), Pwogram Kontinwite Biznis pou Mikwo Antrepriz (*Business Continuity Micro Enterprise*

Program) (“BCMEP”), Pwogram Sibvansyon Asistans pou Biznis (*Business Assistance Grant Program*) (“BAGP”).

- **Diplikasyon Benefis:** Pa te deja resevwa asistans finansye ki gen rapò ak COVID-19 (sibvansyon, prè, elatriye) nan okèn lòt pwogram nan nivo federal, eta, oswa lokal pou peye menm depans yo.
- Okouran nan tout obligasyon finansye avèk Vil Miami a. HCD p ap finanse yon biznis ni pwopriyete biznis ki dwe pri ki pa pèmisi, prè ki an defo, aksyon esklizyon ni okèn lòt chaj jiridik, kèlkeswa merit pou demann ki depoze yo.
- Fòk revni pou chak biznis ki elijib pa depase \$2,000,000 jan sa detèmine ak deklarasyon taks yo te depoze bay IRS la pou lan 2019.

Biznis piti ki baze lakay (sètadi Lyft, chofè Uber drivers, elatriye) ki gen mwens pase 5 anplwaye pa kalifye pou pwogram sa a. Nou pral egzamine chèn nasyonal ak/oswa franchiz sou yon baz endividyèl avan nou pran yon desizyon (sètadi Home Depot p ap kalifye pou asistans sa a, men yon magazen Ace Hardware ki pou yon moun lokal epi ki opere lokal te kapab).

Kritè Retansyon Travay (24 CFR 209(b)(1)(i))

- Tout prè yo pral egzije kandida a kenbe pandan 6 mwa youn djòb pèmanan ki ekivalan a tan plen pou yon moun a fèb a modere revni pou chak \$35,000, oswa pati ladan li, ki prete.
- Fòk omwens senkanteyen pousan (51%) nan tout djòb yo kenbe fèt disponib pou moun a fèb a modere revni.

Si nou bay biznis ou finansman nan Pwogram nan, men ou neglije satisfè kritè retansyon travay pou kèlkeswa rezon epi jan sa spesifye nan kontra a ak Vil la (sètadi, fèmen biznis la avan w atenn egzijans 6 mwa a oswa pa kenbe yon djòb ekivalan a tan plen pou yon moun a fèb a modere revni pou peryòd retansyon minimòm de 6 mwa a) w ap oblije remèt prè a.

Dokimantasyon Obligatwa

Fòk biznis yo depoze pakè demann konplè avèk bon dokimantasyon pou nou revize yo pou elijibilite epi akòde yo yon sibvansyon. Neglije depoze yon pakè demann konplè pral rann demann nan inelijib epi staf Vil la pral kontinye pou yo revize pwochen demann yo te resevwa a. Nou p ap remèt dokiman moun depoze pou Pwogram sa a bay kandida a. Neglije depoze nenpòt nan dokiman ki anba yo pral diskalifye biznis lan. Vil la rezève dwa a pou mande plis dokimantasyon pou nou kapab apwouve yon demann:

1. **Demann** – Fòk kandida yo depoze yon fòmilè demann ki konplètman ranpli, siyen, epi notarye (kote sa aplikab).
2. **S Pyès ID ak Foto pou Eta Florid** – pou moun k ap aplike sou non biznis lan. Fòk moun sa a pwopriyete biznis lan oswa yon ajan ki anrejistre.
3. **Kalkil Asistans Maksimòm** – Fòk kandida yo depoze Deklarasyon Taks yo pou 2019 ke yo te depoze bay IRS la pou kalkile montan asistans maksimòm nan: 20% nan revni anyèl la ki pa depase \$35,000, sa ki pi piti a. Deklarasyon Taks pou Biznis pou 2018 yo akseptab sèlman si biznis la kapab bay ase prè ke yo te depoze yon ekstansyon pou taks yo pou 2019 epi IRS la te aksepte li S.
 - a. Antrepriz Endividyèl – Fòmilè 1040, Deklarasyon Taks Revni Etazini pou Endividi, avèk Schedule C “Pwofi oswa Pèt nan Biznis”.
 - b. Patenarya – Fòmilè 1065, Ranbousman Revni Patenarya Etazini, Schedule K-1 “Pati Revni Patnè, Dediksyon, Kredi, elatriye”.
 - c. Kòporasyon – Fòmilè 1120, Deklarasyon Taks Revni Etazini pou Kòporasyon.

- d. Kòporasyon-S – Fòmilè 1120S, Deklarasyon Taks Revni Etazini pou Kòporasyon-S.
4. **Prè pou Kantite Anplwaye** – Fòk kandida yo depoze dènve kopi fòmilè RT-6 Florid “Depatman Revni Florid Revni Trimèstryèl Anplwayè” yo te depoze a. Anplwayè yo oblije depoze rapò taks/salè trimèstryèl kèlkeswa aktivite anplwaman yo oswa kit yo dwe taks oswa pa.
 5. **Prè pou Kote Biznis la Sitye** – Fòk kandida yo depoze dokimantasyon ki montre ke biznis lan sitye andedan fwontyè Vil Miami.
 6. **Prè pou Pèt Revni Biznis** – Fòk kandida yo depoze prè ke biznis lan te soufri yon pèt revni apre 1e mas 2020. Dokimantasyon ki akseptab: Deklarasyon Pwofi ak Pèt Trimèstryèl pou tout 4 trimès 2020. Si biznis ou pa kapab depoze Deklarasyon P&L trimèstryèl pou 2020, nou p ap trete demann ou.
 7. **Prè konfòmite avèk Sètifika Itilizasyon (CU)/ Aksewa Itilizasyon (AU) pou Vil Miami a ak Resi Taks Biznis (BTR) pou Vil Miami a** – Fòk kandida yo depoze prè pou CU/AU aktyèl epi ke yo te peye epi yo aktyèl ak tout obligasyon BTR yo pou Vil la.
 8. **Nimewo DUNS** – Fòk òganizasyon an akèri yon nimewo Sistèm Nimewo Done Inivèsèl (*Data Universal Number System*) (DUNS). Sa a se yon nimewo inik ki gen nèf chif ki sèvi pou idantifye òganizasyon w. Gouvènman federal la sèvi ak nimewo DUNS la pou kontwole kijan lajan federal aloke. Pou enskri tanpri ale sou sit entènèt Dun & Bradstreet la sou fedgov.dnb.com. Nou pèmèt ou depoze yon demann ak prè ke ou te kòmanse pwosesis demann pou nimewo DUNS la menm si yo poko asiyen biznis ou yon nimewo DUNS.
 9. **Fòmilè Kritè Retansyon Travay** – Fòk kandida yo ranpli yon fòmilè Sètifikasyon Retansyon travay ak enfòmasyon anplwaye a fèb a modere revni ou pral kenbe djòb li pandan yon peryòd minimòm de 6 mwa an konsekans resevwa prè padonab sa a.
 10. **Prè Peman Depans ki pou Ranbouse** – Fòk kandida yo depoze prè ke chak depans y ap mande ranbousman pou li ak sibvansyon an te peye pa biznis la atravè yon kont biznis (kont kouran oswa kont kat kredi) sou non biznis k ap aplike pou asistans lan. Nou p ap konsidere peman ki fèt pa pwopriyetè a, menm si biznis lan se yon antrepriz endividyèl, oswa lòt pati ak yon kont prive oswa pèsònèl. Nou p ap ranbouse peman ak lajan kach oswa peman atravè metòd altènatif ke nou pa ka trase tounen nan kont biznis k ap aplike pou asistans lan. Fòk tout depans elijib yo te fèt apre 1e mas 2020.

Fòk tout depans yo gen rapò ak operasyon kotidyen biznis k ap aplike pou asistans lan, epi Vil la, nan diskresyon inik li a, pral aksepte oswa refize depans spesifik.

Itilizasyon Fon Prè a ki Elijib

Se pou prè a sèvi esklizifman pou kouvri depans ki te pèmèt Biznis ki Elijib ka kontinye ap opere. Tel depans sa yo enkli lwaye, salè pou anplwaye, lisans, asirans, ak bòdwo sèvis piblik. Pri sèvis piblik ki ranbousab yo enkli kouran, dlo ak egou, entènèt, telefòn, ak televizyon kab; sepandan, bòdwo telefòn selilè pa ladan li.

Fòk depans ki ranbousab yo te fèt ant 1e mas 2020 pou jis dat demann nan. Pwogram sa a p ap peye pou depans previzib nan fiti a epi li mache sèlman sou yon baz ranbousab.

- Peman Lwaye oswa Ipotèk pou Biznis la.
 - Peman Sèvis Piblik, Lisans, ak/oswa Asirans pou Biznis la.
 - Peman Salè Anplwaye yo.
- Fòk biznis ki baze lakay yo founi Fòmilè IRS 8829, “Depans pou itilizasyon Lakay w pou Biznis” ki te oblije depoze ansanm ak deklarasyon taks ou yo. Nou p ap fè okèn peman pou lwaye, ipotèk, sèvis

piblik, oswa okèn lòt bagay ki gen rapò ak opere yon biznis ki baze lakay sòf si w atache fòmilè sa a. Se sèl peman salè anplwaye yo nou pral konsidere.

- Nou p ap konsidere peman salè oswa transfè lajan sòti nan kont biznis la ale nan yon kont pèsònèl pou pwopriyetè antrepriz endividyèl. Pwopriyetè endividyèl yo touche pwofi nan konpayi a. Byen ke li pa ilegal pou transfere lajan pou depans pèsònèl sòti nan kont biznis lan ale nan yon kont pèsònèl, peman sa yo pa konsidere kòm salè.

Egzanp tip dokimantasyon kandida a oblije depoze:

Nou p ap aksepte okèn bòdwo, deklarasyon bank, ak/oswa deklarasyon kat kredi ki depoze anba non yon endividi epi ki pa genyen non biznis lan ladan li.

- Peman Lwaye oswa Ipotèk: Fòk ou depoze akò lwaye/deklarasyon ipotèk aktyèl ki egzekite AK yon kopi yon chèk pou kont bank biznis la ki rekonsilye (sou non biznis k ap aplike pou asistans lan) oswa deklarasyon mansyèl oswa deklarasyon kat kredi ki anfaze peman pou montan kòrèk la pou chak peman lwaye. Deklarasyon kat kredi pèsònèl yo pa akseptab.
 - Si biznis la te peye lwaye oswa ipotèk sèvi ak yon Cashier's Check, fòk genyen yon retrè ki korespòn nan kont bank pou biznis la lè Cashier's Check la te kreye. Nou p ap konsidere okèn lòt kondisyon an deyò de egzanp sa a.
- Bòdwo Sèvis Piblik, Lisans, ak/oswa Asirans: Fòk ou depoze bòdwo sèvis piblik, lisans, ak/oswa asirans AK yon kopi yon chèk pou kont bank biznis la ki rekonsilye oswa deklarasyon mansyèl oswa deklarasyon kat kredi ki anfaze peman kòrèk la pou chak peman sèvis piblik.
- Salè Anplwaye: Fòk ou depoze yon kopi deklarasyon pewòl AK yon kopi chèk ki rekonsilye a yon kont bank pou biznis oswa deklarasyon mansyèl oswa deklarasyon kat kredi ki anfaze peman an pou montan kòrèk la pou chak peman salè. Fòk tout anplwaye yo travayè sou W-2 (staf vil la kapab mande prè). Nou pa konsidere travayè ki sou 1099 yo ni moun endepandan ki travay sou kontra kòm anplwaye.

Soumisyon yon pakè demann pral konstitye rekonesans ak akseptans, pa pwopriyetè/repzantan biznis lan ki otorize legalman, de tout tèm ak kondisyon nan direktiv sa yo, demann nan li menm, ak kontra Vil Miami a. Fòk endividi a (yo) k ap siyen demann nan pwopriyetè a (yo)/repzantan an (yo) ki otorize legalman ki genyen otorite legal la pou fè kontra pou biznis epi fòk ou mete yo selon tit respektif yo (direktè, manm, patnè, elatriye) jan sa endike nan sit entènèt Divizyon Kòporasyon Eta Florid la. Pa egzanp: fòk yon kòporasyon responsabilite limite fè manm ki jere li a siyen demann nan.

Resi oswa akseptans yon demann pa konstitye yon kontra ni li pa bay Vil la obligasyon pou bay fon. Vil la p ap remèt demann nan ak dokimantasyon ki founi yo bay kandida a.

Pwosesis Demann nan

Tout biznis piti ki pou pwofi ki genyen 5 anplwaye oswa plis, ak revni biznis anyèl an 2019 ki pa depase \$2,000,000 ki sitye andedan fwontyè Vil Miami, kapab aplike depi yo swiv règ ak egzijans sa yo ak sa ki nan pakè demann nan.

Lòt Egzijans pou Pwogram nan

Pou aplike pou Pwogram sa a, fòk pwopriyetè biznis/endividi oswa antite ki genyen yon enterè pwopriyetè

nan biznis kandida a siyen epi depoze yon afidavi ki sètifye ke fon yo te itilize strikteman pou depans biznis lan pandan peryòd lan depi 1e mas 2020 jiska dat demann nan, epi fòk yo aksepte ke yo kapab sibi yon odit pou verifye itilizasyon fon yo.

- Fòk ou depoze demann nan nan non legal kandida a (sètadi, Non pwopriyetè biznis la, patenarya a, non kòporasyon an, jan li anrejistre avèk Divizyon Kòporasyon Depatman Eta Florid la elatriye).
- Vil la kapab mande plis enfòmasyon pou detèminasyon kalifikasyon ak elijibilite kandida a. Nan yon ka konsa, nou pral voye yon imèl bay kandida a (tanpri enprime adrès imèl ou an lèt an blòk pou asire staf Vil la kapab kominike ansanm avèk ou) epi nou pral bay biznis la yon dat limit strik pou li depoze enfòmasyon ki manke a. Neglijje fè sa pral otomatikman diskalifye kandida a. Kandida a ap oblije re-aplike pou Pwogram nan epi nou pral mete li jis nan bout fen liy lan lè nou resevwa nouvo demann nan.

Biznis ki Inelijib yo

- Biznis ki Pa pou Pwofi yo (akòz Regilasyon HUD CDBG 24 CFR Pati 570.203)
- Biznis ki gen plis pase 5 anplwaye (travayè sou W-2 yo sèlman)
- Biznis ki angaje nan aktivite paryaj legal.
- Biznis ki angaje nan aktivite ilegal.
- Biznis ki genyen plis pase 75% nan sous revni prensipal yo ki sòti nan vann alkòl nan pakè.
- Biznis ki prezante pèfòmans an dirèk de yon nati sèksyèl oswa angaje nan vann pwodwi oswa sèvis, oswa prezantasyon kèlkeswa reprezantasyon oswa demonstrasyon, de yon nati sèksyèl.
- Lòt Biznis ki Inelijib yo jan sa detèmine inikman pa Vil Miami a.
- Pwopriyetè biznis byen imobilye/mèt kay, konpayi jesyon byen imobilye yo.

Kalandriye Pwogram nan

Pwogram nan pral rete louvri jouk tout fon yo fin depanse konplètman oswa jouk fen peryòd disponibilite fon yo, sa ki fèt avan an.

Kondisyon yo pou Prè a

Si w oblije remèt lajan prè a bay Vil la, re-peman prè a ap konsa:

- a) Ou p ap oblije fè okèn peman si w kenbe djòb pandan yon minimòm 6 mwa, otreman, prè a ap konplètman amòti pandan 5 lane ak okèn peman nesese pandan premye 12 mwa yo.
- b) Sikonstans Espesyal: Nou kapab konsidere peman sou pi lontan sou yon baz endividyèl.

To Enterè yo

Nou p ap chaje okèn enterè nan ka ou oblije remèt prè a.

Responsabilite Finansye ak Rekapti Fon Sibvansyon nan Pwogram nan

Vil la rezève dwa a pou fè odit pou dosye biznis la nan tout moman pandan pèfòmans patisipasyon biznis la nan Pwogram nan ak pandan yon peryòd de senk (5) lane apre sa. Biznis lan dwe kenbe tout liv kontabilite ak dokimantasyon sipò yo jouk omwens ekspirasyon peryòd senk (5) lane ki mansyone anwo a. Fòk biznis la konsève epi (sou demann Vil la) founi tout dosye finansye ak lòt dosye ak dokiman ki aplikab yo pou pèmèt Vil la detèmine si biznis la te satisfè egzijans Pwogram nan ak si biznis la te itilize fon sibvansyon Pwogram nan nan yon manyè ki elijib. Si Vil la oswa biznis la te resevwa/resevwa oswa te

bay/bay avi de kèlkeswa kalite ki endike kèlkeswa pouswit jidisyè, reklamasyon oswa odit ki menase oswa annatant ki sòti nan aktivite yo konfòme ak Pwogram nan, nou pral pwolonje peryòd senk (5) lane ki mansyone anwo a jouk moman pouswit jidisyè a, reklamasyon an oswa odit ki menase oswa annatant lan, nan diskresyon inik ak absolè HCD a konplètman epi finalman rezoud.

Vil la rezève dwa a pou rekaptire fon sibvansyon yo nan ka biznis la ta neglije: (i) konfòme ak tèm Pwogram nan, oswa (ii) aksepte kondisyon ki enpoze pa Vil la sou direksyon ajans federal, eta ak lokal yo.

Finansman konfòme ak Pwogram nan kontenjan sou disponiblite fon yo ak otorizasyon kontinye pou aktivite Pwogram nan epi tou li ka sibi amannman oswa tèminasyon poutèt mank fon oswa otorizasyon, rediksyon fon, ak/oswa chanjman nan regilasyon.

Odit

Si biznis la depanse mwens pase \$750,000 nan fon federal pandan ane fiskal li, Vil la kapab mande biznis la sibi yon odit a yon gam limite pou objektif siveyans. Se vil la ki pral peye pou epi ranje odit a gam limite sa yo epi yo pral adrese sèlman youn nan tip egzijans pou konfòmite sa yo oswa plis: aktivite ki pèmèt oswa pa pèmèt, pri/prensip pri ki pèmèt, elijibilite, matche, nivo efò, afektasyon, ak rapòtaj Konfòme ak aplikasyon Pwogram nan, biznis la gen obligasyon notifiye Vil la si li depanse plis pase \$750,000 nan fon federal pandan ane fiskal li, ki kapab diskalifye biznis la nan resevwa yon sibvansyon atravè Pwogram nan.

Pwovizyon Dosye ak Siveyans

Nan tout moman sou demann pa HCD, biznis la dwe founi bay HCD, kèlkeswa ak tout liv, dosye, dokiman, enfòmasyon, done, papye, lèt, materyèl, ak done ak medya ki estoke sou konpyitè oswa elektwonikman, kit li alekri, enprime, sou konpyitè, elektwonik oswa elektrik, kèlkeswa fason li kolekte oswa konsève, ki pwodwi oswa te pwodwi, devlope, konsève, konplete, resevwa oswa konpile pa oswa sou direksyon biznis la oswa kèlkeswa soutretan nan fè devwa ak obligasyon Pwogram nan egzijè. Jan de dokiman sa yo pral devni pwopriyete Vil la san restriksyon, rezèvasyon, ni limitasyon sou itilizasyon yo. Vil la pral genyen dwa san limit a tout liv, atik, oswa lòt materyèl ak dwa dotè ki devlope nan pèfòmans Pwogram sa a.

Biznis la dwe pèmèt HCD ak lòt moun ki otorize pa HCD pou yo enspektè tout dokiman, fasilite, byen, ak aktivite biznis la ki mansyone anwo yo ki konekte de kèlkeswa fason ak aktivite ki fèt konfòme ak tèm Pwogram sa a, epi/oswa fè entèvyou ak kèlkeswa kliyan, anplwaye, soutretan oswa asiyen biznis la. Apre yon enspeksyon oswa entèvyou konsa, HCD pral delivre yon rapò sou konklizyon li yo bay biznis la. Biznis la pral korije tout defisyans ki site pa HCD nan peryòd de tan spesifye ki etabli nan rapò a oswa bay HCD yon Jistifikasyon rezonab ki fè li pa te korije li. HCD pral detèmine, sou diskresyon inik ak absolè li, si Jistifikasyon biznis la akseptab. Vil la pral fè aktivite siveyans ak evalyasyon, ki genyen ladan li vizit ak obsèvasyon pa staf Vil la. Biznis la dwe asire koperasyon anplwaye li yo, manm komite li yo (si sa aplikab), ak ekip pwopriyete/jesyon li. Tout enfòmasyon ki enkonstan, enkonplè, oswa inadèkwa, kit Vil la resevwa li oswa Vil la akteri li atravè siveyans ak evalyasyon, pral konstitye kòz pou Vil la rekaptire fon prè Pwogram nan.

REMAKE: Direktiv, fòmilè, and ak lòt dokiman ki gen rapò ak pwogram sa yo kapab chanje detanzantan pou asire bon itilizasyon fon piblik.

Rekonesans ak
Akseptans Règ ak Egzijans
Pwogram nan

Program Prè Dijans pou Biznis Piti II

Siyati Kandida a

Enprime Non

Dat

AFIMASYON NOTÈ PIBLIK (OBLIGATWA):

ETA FLORID)

KONTE MIAMI-DADE)

Enstriman devan mwen te rekonèt devan mwen pa mwayen prezans fizik oswa notarye an liy, ____jou sa a nan mwa____, 202__ pa
_____ sou kont____. Mwen rekonèt li pèsònèlman oswa li te pwodwi____kòm pyès idantifikasyon.

(SO NOTÈ PIBLIK)

Moun K ap Pran Rekonesans Siyen Isi

(Non Notè Piblik Enprime, Tape, oswa sou So)

Tit oswa Ran

Nimewo Seri, si genyen